

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil pedaran dina bab IV, bisa dicindeken hal-hal saperti kieu.

- 1) Kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung saméméh dilaksanakeun kagiatan diajar ngajar ngagunakeun modél pangajaran CIRC hasilna masih kénéh kurang nyugemakeun lantaran nu tacan mampuh nulis karangan leuwih loba tibatan nu geus mampuhna.
- 2) Kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung sabada dilaksanakeun kagiatan diajar ngajar ngagunakeun modél pangajaran CIRC hasilna kaasup nyugemakeun lantaran jumlah siswa nu geus mampuh nulis karangan déskripsi ngaronjat.
- 3) Aya béda anu signifikan antara hasil pratés atawa kamampuh nulis karangan déskripsi saméméh ngagunakeun modél pangajaran CIRC jeung hasil pascatés atawa kamampuh nulis karangan déskripsi sabada

ngagunakeun modél pangajaran CIRC. Bukti ayana béda anu signifikan nya éta tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén  $t$  itung (10,36) >  $t$  tabél (2,62).

Kacindekan di luhur, bisa nuduhkeun yén  $H_1$  (hipotésis kerja) ditarimana nya éta, “aya béda anu signifikan antara hasil pretés siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung semester 2 taun 2006/2007 saméméh dibéré pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC jeung hasil postés siswa sabada dibéré pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC”.

## 5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC, di handap ieu ditétélakeun saran-saran.

- 1) Modél pangajaran CIRC kaasup modél pangajaran anu éféktif, ku kituna disarankeun pikeun dipaké dina kagiatan diajar ngajar nulis, utamana nulis karangan déskripsi.
- 2) Guru-guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun métode pangajaran sangkan leuwih variasi jeung bisa narik minat siswa nu antukna bisa ningkatkeun préstasi diajar siswa.
- 3) Disarankeun pikeun teu ngagunakeun hiji métode hungkul dina nepikeun bahan pangajaran basa Sunda, sabab bisa nimbulkeun rasa bosan dina diri siswa.

